Ассаламу гІалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ

№ 92-93
(9542 - 9543)

2013 соналъул
20 декабрь

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

НИЖЕР ГАРА-ЧІВАРИ

## ХИСИ ККАРАБИЩ «САХЛЪИ ЦІУНИ» МИЛЛИЯБ ПРОЕКТАЛДА БАН?



АнцІгоялде гІагарун сон буго улкаялда «Сахлъи цІуни» миллияб проект къабул гьабуралдаса ва гьеб хІалтІулеб бугелдаса нахъе. Гьелъ кІудияб квербакъи гьабуна ва гьабулеб буго улкаялъул ва гьелдаго цадахъ Дагъистаналъулги гІадамазе медицина гьанжесеб техникаялдалъунги дарабаздалъунги хьезебиялъул, медхІалтІухъабазеги унтаразеги ругел шартІал лъикІлъизариялъул рахъалъ.

Гьеле, гьеб темаялдаса букІана районалъул больницаялъул терапиялъулаб отделениялъул заведующий, «Дагъистан республикаялъул мустахІикъав тохтур» Сулейманов Ибрагьимхалилилгун нижер мухбирасул букІараб гара-чІвари.

***-Ибрагьимхалил, улкаялъул «Сахлъи цІуни» миллияб проект къабул гьабуралдаса нахъе арал соназда жаниб районалъул сахлъи цІуниялъул системаялдаги ва гьелдаго цадахъ дуца гІемерал соназ нухмалъи гьабулеб бугеб отделениялдаги лъикІаб рахъалдехун ккарал хиса-басиязул бицинарищ?***

(Ахир 2 -гьум.)

РагІи - лицеялъул директорасе

## ГІУН РАЧІУНЕЛ ГІЕПАЗЕ ТАРБИЯ КЬЕЙ -ГІАММАБ МАСЪАЛА

Жакъа, нилъги нилъеца гІумру гьабиялъулаб къагІидаги бокьуларел ва нилъер улкаялъул тІабигІияб бечелъабазда бахиллъулел,гьелда рекІел хІал хъублъулел нилъер тушбабаз дунялалдаго цебетІун бугеб информациялъулабгун технологияб система хІалтІизабулеб буго нилъер гІун рачІунел гІелазул рухІияб рахъ хисизабиялъе. Жидерго гьел хъубал мурадазе гІоло къасиги къадги хІалтІизабулеб буго интернетги ва гьелъулгун хурхен бугеб мобильнияб связьги. Масала, интерненталдасан щиб бугониги нилъеего хІажатаб информация цІехолел ругони, цебе бачІуна кавказалъулал какараб, гьел чІегІер гьарулеб националистазул (миллатчагІазул) ролик. Нилъер гІолилаздайин абуни кколеб буго гьелъ гІурус миллаталъул цІикІкІарасезул пикру загьир гьабулеб бугин. Гуро, гьеб гьечІо гІурус халкъалъул пикру.

Гьеб буго гІемермиллатазулаб Россиялъул халкъалда гьоркьоб рикьалаби ккезаризе ва гьелъул хІасилалда пачалихъ, СССРго гІадин, биххизаби мурад бугел нилъер тушбабазул тІадкъаял тІуразарулезул макруяб агитация.

Гьелде тІадеги, нилъерго цо-цо гІолохъабаз жидерго жавабчилъи гьечІел хьвада-чІвадияздалъунги, загІипал пикраби загьир гьариялдалъунги. гьел хъубал мурадазулазе хьвадаризеги кІалъаял гьаризеги ресал кьолел руго.

(Ахир 8 -гьум.)

## РАМАЗАН ГІАБДУПАТІИПОВ ВУГО УНГО-УНГОЯВ МАГІАРУПАВ

Дие бокьана ва рекІелъе божилъи реха-на «Президентасе кумек кин гьабилеб?» абураб бетІералда гъоркь район-алъул «Гьудуллъи» газеталъул 83-84 номерал-да бахъун бугеб ШагІбан Лабазановасул макъала-ялъ. «Пачалихъияв нух-малъулесул кІудияб поли-тика бичІчІинеги гьелъие къимат кьезеги гІечІезул цо-цоял лъугьунел руго Президентасул кадровиябгун гІуцІалилаб, социалиябгун экономикияб политикаялъеги ва гьесул щибаб къойилаб хІаракатчилъиялъеги къимат кьезе, гьеб мекъаблъун бихьизабизеги. Щиб лъалеб гьебги гьединазул пайдаяб «бизнес» батилеблъи живго Р. ГІабдулатІиповас абухъего, цо-цо тайпа лъугьун батизе ккола къоло хадур соназ халкъалъул буголъиги бикъун гІемер гьабураб гІарац коррупцияги цІогьи тІагІинабизеян лъугьарав цІияв Президентасде данде хІалтІизабулел ругезул рахъ кквезе,-ян хъвалеб буго гьениб.

Дирго пикруялдаги гьелда щаклъи гьечІо. ХІакъикъаталдаги, гІечІел, жалго мустахІикъал гьечІел, хІалтІабазги гІарцазги гІадамазулъе рахъарал чагІаздасан бугеб хІинкъи цІикІкІараб букІуна. Гьел гьетІарула гьури пура-пуралъуре. Узухъда, гьединазул мурад букІуна жидедего хьинтІиялдасан цІуни. Гьединан лъугьунаро гІаданлъиги, гІадатлъиги иманги чорхолъ бугел ритІухъал гІадамал, хасго магІарулал.

Цебе магІаруласе инсанлъиялъулаб къимат кьолаго абулеб букІун буго «Унго-унгояв магІарулав вуго» абун. Гьеб рагІи букІун буго миллаталъеги, росдаеги, тухумалъеги, гьезул бахІарчиял, рацІцІадал ва саламатал хасиятазеги, гьезие бугеб ритІухълъиялъеги захІмат бокьиялъеги кьолеб бищунго тІадегІанаб къиматлъун.

Гьеле, гьединав унго-унгояв магІарулав вуго Дагъистаналъул президент Рамазан ГІабдулатІипов. Гьединав вукІиналъха гьес, миллатазде балагьичІого, тІолабго халкъ ахІулебги бугеб нравственнияб рацІцІалъиялдеги, вацлъиялдеги, гьудуллъиялдеги, киназего цого къагІидаялъ пайдаяб гІуцІалилаб хІалтІиялдеги халкъияб буголъи бикъи гІадаб нахъегІанаб, чорокаб, ай Аллагьасги жиб гьукъун бугеб пиша рехун тезе.

Гьединго Ш. Лабазановасул макъалаялда абулеб буго: «Президентасул рахъ кквеялъе цІикІкІун пайдаяб къагІидалъун ккола, бищунго цебе, кинав вугониги батІалъи гьечІого, щивав нухмалъулесги, чиновникасги ва мухъилав хІалтІухъанасги гьеб рахъ кквей букІинабуни Президентасул тІалабазда рекъон жиндирго хІалтІи гьабиялъулги, нравственнияб рацІцІалъиялъул ва жинди-жиндир тІадал ишал ракІбацІцІадго тІуразариялъул рахъалъ чІагояв мисаллъун вукІиналдалъун»,-ян.

Гьебги кутакалда битІараб пикру буго авторасул.

Хириял ракьцоял! РачІа гьункизе ва щибаб бакІалда нильерго ракІбацІцІадаб захІматалдалъунги Дагъистаналдеги нильер районалдеги бугеб нилъерго рокьиялдалъунги рахъ ккевзин Рамазан ГІабдулатІиповасул ва гьесул хІаракатчилъиялъул! ХІаракат бахъизин киназго Дагъистан цІи гьабиялъе!

ГІакъилал умумузул аби буго чияр чода рекІарав рикІкІаде щоларин. ГьединлъидалрекІинин нилъерго чода ва церехун инин Дагъистаналъул букІинеселъ ва нилъерго гІун рачІунел гІелазул талихІалъе гІоло! Божуге хъубаб мурадазул хабаразда.

Гьеб буго дир, 40 хадур соназ гІун бачІунеб гІелалъе лъайигун тарбия кьолей йигей учительницаялъул ахІи.

**Ж. ХІАМЗАТОВА**

***ДРялъул мустахІикъай учительница, МигІарсо росдал СОШалъул директорасул заместитель.***

ЖАКЪАСЕБ НОМЕРАЛДА:

**БАХЬИКЪОС**
(3-6 гьум.)



**СПОРТ**
(8 гьум.)

НИЖЕР ГАРА-ЧIВАРИ

# ХИСИ ККАРАБИЩ «САХЛЪИ ЦIУНИ» МИЛЛИЯБ ПРОЕКТАЛДА БАН?

(Байбихьи 1-себ гьум.)

-Узухъда, бицина. Абизе ккола, гьеб приоритеталъулаб миллияб проекталъги, гьеб гIумруялде бахъинабиялъе гIоло гьарулел ругел тадбиразги, хасго гражданазул сахлъи цIуниялъул системаялда модернизация гьабиялда хурхарал пачалихъиял документазги цIидасан рухI лъезабунин ва чIаго гьабунин сахлъи цIуниялдаян. Нилъер больницаялъеги, гьелдаго цадахъ нижер отделениялъеги бачIана диагностикаялъулги ва цогидабги медтехника ва хехал кумекалъулал машинаби.

ЦIакъ лъикIаб хIал букIана стационариябги ва хьвадулебги флюорографал рачIун рукIиндал. Хьвадулеб флюорографгун замазаманалдаса хьвадулел рукIана росабазул гIадамазул хал гьабизе, унтарал хасаб сияхIалде росун, гьезие профилактикиялги ва сах гьариялъулалги тадбиралгьаризе. Гьанже гIурабго заман буго гьеб санагIаталдасан росабазул гIадамалги, гьезие кумек гьабизе ахIарал тохтурзабиги махIрум гьарун ругелдаса нахъе. Гьеб хьвадулеб флюрограф чIунтун буго.

-Цере нилъер больницаялда регун ругезул гIемерал гIарзал рукIунаан больницаялъ унтаразда росизарулел ругин жидеего хIажатал дарабиян. Больницаялда гьединаб хIал букIараблъи баянаб букIана киназего. Гьелъие гIайибияв чи цIехолев вукIинчIолъиялъ лъачIого хутIулаан. Гьанже кинаб хIал бугеб гьеб рахъалъ?

-Дарабазул рахъалъ дуца абулеб мекъи бугин дица абиларо, амма цебеги больницаялда вегун вугев унтарав хIажатаб дару щвечIого хутIулев вукIинчIо. Гьебго заманалда абила «Сахлъи цIуни» проект хIалтIизе байбихьаралдаса нахъе дарабазул рахъалъ щолеб кумек цIикIкIана. ГьабсагIаталда тохтурасе рес рекъана лъикIаздаса лъикIал тIаса рищун дараби хъвазе. Кинаб гьеб къваригIаниги букIуна больницаялда. Ва гьелъ рес кьуна больницаялда тIуранго сах гьаруразул къадар цIикIкIинабизе. Масала, лъагIалида жаниб гьеб къадар гьеб заманалда регун рукIарал унтаразул I5-20 проценталде бахуна. Гьеб жеги цIикIкIараб букIинаан унтаразда гьоркьор цIикIкIун хроническияб къагIидаялда унтаразул букIинчIебани.

Гьеб гуребги гIемерго лъикIлъана унтаразе ругел бытовиял (рукIарахъиналъулал) шартIалги. Лъаларо, дуда рихьаралищали, унтаразул кроватазул сеткаби сварка гьабураб арматураялъ ккурал рукIунаан. Абиларо гьедигIанго мискинаб, кроватал росизе рес гьечIеб гIадаб букIанин больницаян. ГIарцуе тIокIлъи гьабулеб букIун батилаха. ТIад ругезе додиналги кроватал гIолел рукIиндал. Гьанже кроватал руго гьединаб махсароялде данде кколарел. Киса-кирего руго цого тайпаялъул, палатабаздаго нур бачIинабулел гIадал кроваталги бусенкъайиги.

Гьелде тIадеги абила, больницаялъул киналго отделениябазе гьабуна капиталияб ремонт ва цоцоязе- реконструкцияги. Больница берцин гьабун буго жанисанги къватIисанги, дудаги бихьун батила.

Доб заманалда терапиялъул отделение букIана кIиабилеб тIалаялда, гьанже гьаниб буго. Амма дора рукIунел гIадал шартIал гьанир гьечIо.

*-Нужер цере рукIараб бакIалъе капремонт гьабичIогойищ?*

-Гуро, добги лъикI къачIан буго. Амма доба санагIатлъи цIикIкIараб букIаниги чIобого бугеб добе отделение бахъинабиялъул иш бехъерхъизабулеб буго больницаялъул нухмалъиялъ. РакIалде ккола цIияб соналдехунгIаги гьеб суал тIубалилан.

***-Ибрагьимхалил, дуца щиб абилеб терапиялъул отделениялда захIматго гурони регизе щолеб гьечIилан рукIунел гIарзазул хIакъалъулъ?***

-Гьединал гIарзал руго ва рукIинеги руго. Бицина гьел рижиналъе бугеб гIиллаялъул хIакъалъулъ. Нилъер поликлиникалде щведал дуца хIисаб гьабе, невропатологасухъе приемалде унезул щибаб къойил букIунеб очередалъул. Гьебго заманалда цогидал тохтурзабазухъе ине чIун ватула I-3 чи, цо-цо мехалдайин абуни щивго ватуларо. Гьелъ бицунеб буго районалда неврологическиял унтаби цIикIкIун ругилан. Гьел рукIинеги бегьула. Щай гурого I999 соналда районалда букIараб рагъулаб лъугьа-бахъиналъги рачине бегьула гьелде. Гьаб заманалда цо рагIи абуни тIаде речIчIизе хIадурун рукIунел руго гIемерисел.

Поликлиникаялъул невропатологас сах гьаризе хIажатал унтаразе направленияби кьолел руго терапиялъул отделениялде. Гьенибин абуни гьединал унтаразе гIицIго I0 бакIги цо врачги гурони гьечIо. Гьединлъидал гьенир очередалда лъечIого росизе рес букIунеб гьечIо. Цинги гьеб гIайиб диде бачIунеб буго.

Лъабкъоазаргоялде гIагарун гIадамал ругеб ва тIадежоялъе рагъулал лъугьа-бахъиналги рукIараб районалъул больницаялда рагьизе ккола неврологическияб отделение. Гьелъ рахъизе ккола гьел гIарзабазулги цогидалъулги захIмалъаби.

Ахираб заманалда сах гьаризе рачIунел гIадамалги гIемерлъун руго. Масала, араб соналъ отделениялда сах гьавун ватани 980 унтарав, исана I0 моцIида сах гьавун вуго 8I6 унтарав.

Гьебги цогидабги хIисабалде босун лъикI букIинаан районалъул больницаялда неврологическияб отделение рагьиялъул суал Дагъистаналъул гьанжесев Президентасда цебе лъуни районалъул нухмалъулез.

***-Ибрагьимхалил, бугелъулги хIажаталъулги бицана дуца. Больницаялда ругел шартIазда гIадал хиса-басиял ккун ругищ больницаялъулги, гьелдаго цадахъ нужер отделениялъулги тIолалгохIалтIухъабаз жидерго тIадал ишал тIуразариялъулъги, унтараздехун хIеренаб ва тIалаб-агъазалъулаб бербалагьиялъулъги ва сундулъго рухIияб рацIцIалъи цIуниялъулъги? Коллективалъ кинан къабул гьабуна Дагъистаналъул Президент Р. ГIабдулатIиповасул***

***-Нилъер гIумруялъулъ бакI букIине гьечIо цIогьабазеги коррупциялъулазеги ва батIи-батIияб кьеразул хапугабазеги,-ян бугеб тIалаб?***

-КигIанги жавабчилъиялда къабул гьабуна. Дирго пикруялда щивас хIисаб гьабун батизе ккола жинди-жиндир рухIияб рацIцIалъиялъулги, АллагьасдагигIадамаздаги ва жиндирго намусалдаги цебе бугеб жавабчилъиялъулги. Узухъда, гьеб жавабчилъи букIине ккола, хасго медициналъулаб хъулухъ гьабулезул.

Дирго отделениялъул бицинин. Гьенив вуго 4 тохтурги 8 медсестраги. Гьезул хIалтIудасан дун рази вуго. Узухъда, абиларо кинабго лъикI бугилан. Руго гIоларелги хисизаризе кколелги рахъал. Иншааллагь гьездеги пикру буссинабизе буго.

Дица кидаго рикIкIунаан гьанжеги рикIкIуна щивав яхI-намусбугевчиястIубараб жавабчилъиялда тIуразаризе кколин жиндирго тIадал ишал.

Жинда гIадамазул сахлъи божизабун бугеб медицинаялъулъ бакI букIине кколаро жидеца тIаса бищараб махщелги камилго лъаларел ва гьеб ракIбацIцIадго унтаразе хIалтIизеги гьабуларел ва гьезул унти жиндирголъунги кколарел гIадамазеян.

Гьеб хъинтIула мухъилаздаги нухмалъулездаги.

Узухъда, абиларо кинабго лъикI бугилан. Руго гIоларелги хисизаризе кколелги рахъал. Иншааллагь гьездеги пикру буссинабизе буго.

***-Ибрагьимхалил, баркала пайдаяб гара-чIвариялъухъ. Гьабулеб дандебилъайги!***

-Дуеги баркала.

**Ш.ЛАБАЗАНОВ.**

Районалъул бахьикъосал, къуркьуге нуж!

# БАХЬИКЪОС

Бахьикъосазул 20 декабрь заман

**Нилъ рокьулелги нилъее бокьухъе хутIаги, нилъ рокьуларелги нилъее бокьухъе хутIаги...**

Гъабихъги - корохъги....

## ЗАКОН-ТАЙГА, ПРОКУРОР – ЗАЙНУДИН?

Цо-цо гъабизе жо тIагIарал тIохIоказ харбал тIиритIизарулел руго кватIичIого районалъул прокурор хисизе вугилан.

ЦIакъго кIал квешал чагIаз законалъул хъаравул хисиялъе гIиллалъун рикIкIунеб буго хъил тIолеб заводалъул чIухIараб минаялда жаниб ккараб машгъураб инцидент.

Гъезул бераздалъун ЮТУБалде балагьани, нилъеда гьениб бихьула прокурорасда релълъарав цо чияс адвокатасда релълъарав цогидав чиясул берцинаб хъахIаб гьурмада балеб бакIаб хъат.

Астагъфируллагь, астагъфируллагь - нилъеда рагIула прокурорас адвокатасул рахъалдехун хьвагIулел кагътил тIанчаз бахъинабураб гьорол «гьитIинабго» сас.

Гьеб гьогьом сабаблъун саламатав прокурор хIалтIудаса вахъизе яги цоги бакIалде перевод гьавизе бегьулин абураб жоялда дун, мисалалъе босани, самсим божуларо.

Кивха витIулев вугев хабарчагIаз нилъер прокурор ва щив вачIунев вугев Гайирбековичасул бакIалде?

Цо чанкIкIарав хабарквешил донесениялда рекъон, рокировка гьабулеб рагIула – Болъихъ на Темирхан-Шура. Ай Шурагьив вугев прокурорасул тIоцевесев зам нилъер аниве, ав- дове витIулев рагIула.

«Бахьпрессалъ» жиндирго Шурагьив вугев агентасул кумекалдалъун лъазабуна дова вугесул анкьабго наслу.

ЦIар- Ибрагьимхалил, гьавураб, гIураб бакI- Шамил районалъул Могьохъ росу.

Юрист вахъинегIан, ай хIасратаб рокьуца керен боркьарал гIолохъанал соназ хъвалел рукIун руго кучIдул. ХIатта «Родник» абураб литературияб кружокалдецин хьвадулев вукIун вуго.

ПалхIасил, погонал рарав нижерго къаламцояв.

Амма поэзиялде мугъ рехарал ахирал соназ саналги къотIулел рагIула цо-цо бахьикъосарал такъсирчагIазе.

Рокировкаялъул хабар нагагь ритIухълъани, дир рекIелъ кIиго асар багъизехъин буго - **пашманлъиялъулги рохалилги.**

Пашманлъизе вуго Гайирбекович нахъе ани. Лъие бокьилеб цевегосев гьудулги къед цурав мадугьалги нахъе ине?

Зайнудинил росуцояв, дирго умумузул гьобол, ИчичIалиса Ордашил МухIамадида кин бичIчIизабилеб прокурорал хисиялъулъ яги перевод гьариялъулъ райгазеталъул редакторасул цо дагьабниги роль букIунареблъи...

Вохизе вуго дирго гьудуласул бакIалде хапуга вачIунев гьечIолъиялдаса. ПоэтмахIав чи хапуга вукIине ресго гьечIелъулха. Кьоле-толеб жоялде творческий подход букIине бугелъул досул.

Амма бищун кIудияб ургъелги бугебха дир рекIел тIиналда бахчун.

Зайнудин нахъе ани, гьесул тахида кIусизе жиндаса мустахIикъав кандидат гьечIилан киназго рикIкIунев ГIандиса Жамалида щиб дарман гьабилеб?

ГIурусаз абухъего, жалко пацана.

Прокуратураялъул хIалтIул аслияб бакIлъи жинда тIад бегарав зам. нахъеги довго замлъун хутIизехъин вуго.

Хотя цо рахъалъ вохунги вуго. Лъимадул бадиса гирулеб магIил горогIанги вацIцIадав дир гьудул чороклъизеги бегьилаан прокурорлъун кканани. Доба- гьаниса сайгъат-салам баккизабун, лъадухъе ккезабун, лъималазул къвалакь къазабун, битIахъе чIегIераб къо чIезабилаан хIелхIелчагIаз гьав лъикIаланго тамахав товарищасда.

Рищват босиларин гьев чIани, босизабулел васалги камилароан ГIанди вилаяталда.

Андийцы и в Африке андийцы! Босулеб-толеб жоялъе тохал чагIи гуро эмехвадал.

Кина-щиналъулго пикруги гьабун, дун гьадинаб хIасилалде вачIана.

ПоэтмахIав первый замасеги, харадунив вахъун рукIел хисичIого, ругьунаб бакIалда Буйнакскиялда чIейго лъикI буго.

Жамалие ваще нежелательно чороклъизе, ункъо нухалъ ХIажрул Асвадалда сверухъ тIавап гьабурав муъминчи хIисабалда.

Значит, цо вариант хутIулеб буго. КигIан цо-цо чагIазул чахьал унтаниги, нилъедаги лъалев, нилъги лъалев Зайнудин Гаирбекович хIехьезе кколев вуго жеги чанго соналъ прокурорасул посталда.

Абухъего, Закон-Тайга, прокурор – Зайнудин.

Рази гьечIев чияс Зайнудинихъе гIарза хъвай, копия редакциялдеги битIе.

Ва салам ва калам!

### Заманалда рекъарал кицаби:

** Сайигъат бачIарав - тахида,бачIинчIев туртида.*

**Рищват босуларев хIаким дагьав,хIарам гьабуларев даранчи дагьав.*

## МАШГЬУРАЛ ГIАДАМАЛ





**Маг1арул к1иго игит ургуялде вахъана-**
**Гьазухъ балагьун т1олго т1адмаг1арул жамаг1ат,**
**Тохтурги философги хурхун ч1ана цоцада -**
**Хабарчаг1и рохизе, нилъ рихарал ч1ух1изе.**

**Х1ажат гьеч1еб гьаб «кьалда» лъие кьелеб бергьенлъи-**
**Г1абдулхабиров дуйищ, Г1абдулат1ипов дуйищ?**
**Дирлъиялда , к1иялго, къун руго нуж, Мух1амад,**
**Къалам босарав мунги, мун т1ад восич1ев довги**

## МАКЬУГИ ГЬУКЪУН, БЮДЖЕТГИ КЪУНЦIУН...

***Суал.*** *Хирияб «Бахьикъос»!*

*Ахираб заманалда харбал раккун руго районалъул редакторасда цо санагIат гьечIеб макьу бихьаралдса нахъе (ГIандибехун нухтIа асфальт тIеялъул хIакъалъулъ) гьесулги Патхулаевасулги гьоркьоблъи самсин хун бугилан. Даже абулеб буго районалъул бетIерас цо кинабалиго данделъиялда редакторасе гьукъун бугила ваабще кьижизе. Нагагь тохлъукьего кьижун кканигцин (живой чилъидалха гьавги, кин бугониги) бихьараб макьу гIадамасда бицине бегьулеб рагIуларо.*

*Гьебги гIечIого, бюджеталдаса миллионцин къунцIун бугила редакциялъул цо согIаб, санагIат гьечIеб макъала сабаблъун.*

*ТалихI кьегийин, мух1кан гьабе гьеб суал.*

**Жаваб.** КигIанго бокьичIониги, иш почти гьединан буго. ГIандийскиясул, ай нижер шефасул, гьаб ахираб чанго моцIалъ страшний бессоница буго . Хъил тIураб нухдасан ГIанди мухъалде унев Малачевичги гьесул кваранаб квер ИсмагIиловичги нахъеги макьилъ рихьилин хIинкъун, кьижизего кIолеб гьечIо пакъирасда.

Бюджеталъул суалги серьезни куцалда буго. Харж дагьлъарав редакторас лъагIалидасаги цIикIкIун заманалъ квен рехун тун буго. Гьеб точни жо буго, нижедаго къойил бихьулеб.

Цояз абулеб буго ХIежалдаса хисун,кантIун тIуварав «мулла» лъугьун вуссарав гьев гьединго хутIун вугилан.

Цогидаз ракIчIезабулеб буго Малачевичасе протест хIисабалда голодовка лъазабун бугила казияталъул бетIерас.

Амма ахираб заманалда дагьаб хинлъи рещтIараб гIадаб суратги буго кIиясдаго гьоркьоб--редакторасул макьу, гIурусаз абухъе, вещий букIун буго, ай гIандадерил Кардоналда байбихьун руго хъил тIеялъе хIадурлъиялъулал хIалтIаби.

ТIубараб хIакъикъат лъалев чи я редакциялда гьечIо, я администрациялда рагIуларо.

*КIудиял вацазул «миллияб» политика*

## НИЛЪЕРАЛ–МАЛАЦА, ЖИДЕРАЛГО –МОЛОДЦЫ!

Иргадулаб нухалъ паркъана Сочиялъул спортивиял объектазда Россиялъул бетIерлъун хIалтIулев дзюдоист Ве Ве Путинил тирияб силуэт.

Цебесеб сапаралда нилъер сенатор Билалов АхIмадие тIубараб разносги гьабун Белый рокъове воржун вукIана улкаялъул кIудияв.

Жакъаги цебе чIун буго Володял ццидалаб симаги, хъачIал суалалги, битIахъе гIалхулаб балагьиги.

-Кто такой Билалов?- илан ВеВеяс гьикъигун, хIакълъунго бичIчIана телезрителазда Кремлиялъул хважаин курорталде хIухьбахъизе гурев цо кутакаб макругун вачIаравлъи. Президентасда сверухъ жен гIадин женжедулаго, АхIмад какизе Козак лъугьиндал, тIубанго ракIчIана кавказалъул вас кватIичIого киналго постаздаса ватIалъизе бегьулеблъи.

Гьедин ккезеги ккана : сордо-къо инелде къватIибе бачIана Билаловасул карьералда хIучч цIараб царь Володял Указ.

Дагъистанго чIухIарав бизнесмен, депутат, политик, Расул ХIамзатовасул юбилеялде меседил жилдазул тIехь къватIибе биччарав меценат АхIмад Билалов суткаялда гьоркьов «халкъалъул» тушманлъун гьавуна тIадчагIаз.

Къокъго абуни,Сочиялъул строителалги гьезул нухмалъулевги ВеВеяс малаца гьаруна…

Гьанжесалалъ тIубанго батIияб гьава-бакъ букIана Сочиялъул ракьалда.

БитIахъе бакъ къалъулеб букIана президентасул гьурмадаги.

-Молодцы! - ян ахIдана гьев бугеб рухIалъ, щибго жо бихьилелдего.

Билаловги паркъана гьеб параялъ ботIролъ, пикруги гьабуна гьалехайин доб двойной стандарт абулеб жойилан.

Нилъерав, расги гIайиб гьечIев чи –малаца, жидералго-молодцы!

Власталъул магъущ, пашманаб машгьурлъи щварав политик Жириновскийги вачIана цеве: «Кавказ нам нужен без кавказцев»,- илан абураб рокьукъаб калимагун.

Кида мун кантIилеб, хваяб Россия?!

*ЖАКЪАСЕБ КЪОЯЛЪУЛ*

# Я тибе мана,

Гъоркьгоги мискинаб дирго керталда гьаб ахираб заманалда лъугьараб кутакаб экономический кризисги бичIчIун, пикру ккана хIукуматалъ дида божизабун тараб творческий конторалдаса къунцIизе жо щолародаян хIалбихьизе. Амма кигIан ургъаниги, магIишат щула гьабиялъул анищаз куркьбал гъуниги, бакъуца холеб редакциялда хъат базе, ай семейни бюджет понцIозабизе рес рекъечIо.

Цо цIодорав гIандисес гIакълу кьуна, щибго жоялда хъат балеб батичIони, хIалтIуде росулел цIиял чагIазухъа в денежном выражени магъаричниги босейилан. БичIчIулеб мацIалда абуни, гьес дун тIамулев вугоан жиндир хIал чIахъаяб Рищваталде вазе.

ГIумруялъ гьединаб щакаб дармиде аскIов къачIев дида - сундаса байбихьилеб, лъидаса босилеб ва кинаб къадар дирго «къурбаналдаса» тIалаб гьабизе кколебали лъалеб букIинчIо.

Довго гIандисес къиматаб пикру загьир гьабуна: дурго гIадал, дагьаб бюджет бугел, доба-гьаниса левый доход щоларел, ракъа-кIасарал госучрежденияздеги ваккун (библиотекабаздегун клубазде, школаздегун садиказде) лъазабейила гьозул шефаз цо«бетIералдаса» щиб жо босулебали.

Бахчун щай, гьудулзаби, дихъа гьеб ишги бажаричIо. Намусалъги виччачIо, херлъараб къоялъ гьединаб къабихIаб гали тIамизе, законалъукьаги хIинкъана гIаммаб мал-мулкалде квер бегьизе, метерисеб къоги цебе чIана циндаго: Сираталъул кьоги, кьварараб суравги, Мункар-Накирасда цеве дарран сородулев дунгоги…

Дица хIукму гьабуна батIияб нухдасан ине, ай районалъул тIолалго «нахулал» идарабазда ришватазда сверухъ бугеб «гьава-бакъ» лъазабизе.

Цо бугони, Аллагьасул рахъалдаса кири букIина.

КIиабизе бугони, халкъалъги кьела кьуру гIадаб баркала, рищватчагIи къватIир чIвазаруралъухъ.

Ва, ахиралдаги, районалъул нухмалъулезе «пища для размышлениями» щвела...

Щиб лъалеб, Малачевичги весьма согIав вас вуго, ццидакье цо чангояв хIалтIудаса ватIа гьавизеги вазможна. Хотя гьеб жоялда дир божи - ниже нуля буго. Квер мекъав гурони чиновникго гьечIеб мехалда, киналго подрядищ гьесги нахъе гьелел?!

Халат гьабун щай, рищватчагIаздагун цIогьазда, казияталъул кумекалдалъун, цо «бакIаб» михир бачине щулияб ният-къасдгун къватIиве вахъана дун.

Для начала районалъул территориялда ругел (местни, республикански, педерални батIалъи гьечIого) идарабазул бутIрузда гьарана, дида гIакъуба - къварилъи бихьизабичIого, нужго лъикIал лъугьун, левый доходазул хIакъалъулъ декларация хъвайилан. Дирги хъачIлъи бихьулрищ цо!

Амма хIасил гургинаб ноль ккана! Дураков нетилан ахIдана гIемерисел.

Цо-цоял тIирун чIана жал гьеб ишалъулъ, ай районцоязухъа напакъа бакIариялъулъ иццул лъимгIанги рацIцIадал ругилан. Гьоркьоб- цебе хIукуматалъул мал-мулкалда кIутIулила, амма хирияб населениялда килищ хъвазегIан хъахIаб къоно тIад чIвалила жидеца.. Хъвайила нужерго гьеб «Гьудуллъи» казияталъул тIоцебесеб гьумералда гьединаб нахъегIанаб, къабихIаб, къадараб, къойилго гIадамаз нагIана кьолеб пишаялда рукIине жидее нич букIунин.

Дунги «божана». Амма ботIролъ женжедана пролетариаталъул кIудияв вождь Володя Ульяновасул «Доверяй, но проверяй» абураб гIакъилаб калима. **(Нилъеего рагIи, цIодорав жони вукIаравин мунагьал рахчад Ильич. Гьанже дадинал чагIи къад чирахъ баканиги щоларо)**.

«РацIцIадал» хIакимзабаздаса «вохарав» дица халкъалда гьоркьоб гьитIинабго цIех-рех тIобитIана.

**Босулел товарищазул цIарал, гьел нечонгутIизе, рехсечIого толел руго. Цо-цояз судалде кьезеги рес бугелъулха ниж, жидер матIугIан бацIцIадаб репутациялде рагIад рехизабунилан.**

Бугониги, рищватазул къадар бихьизабураб сияхI гъоркьехун бахъулеб буго **(Рищват кьолезда лъан букIине кинаб организациялда щиб къадар жидеца кьезе ккролебали: цо-цояз, лъачIого, цIикIкIун кьезеги рес бугелъулха).**

Амма **Рищватазул таблица** бахъилелде, цо ревизорас диего балъго бицарабги рагьилин нужеего.

- Бикъулеб бугони, бикъизе ккола цебеккунго тIолабго магIишатги кагътида рекъа-решезабун, нижедани щиб гурин, Москваялда вугев Счетни палатаялъул шефасдацин къалам тIад кIутIизе кIолареб, лъалареб хIалалда,- йилан гьимана гIумруялда жанир гIемерал рищватчагIи-чиновникал чурхъарав хъачIав ревизор.- Гьединал матерый цIогьал цIакъго дагьал руго нилъер районалъул чиновниказда гьоркьор. ХIатта килщазда рикIкIине чагIицин гьечIин абизе бегьула. Ругезда гьоркьов нижее бищунго вокьула гьалмагъ Хапугаев **(фамилия хисизабун буго).** Гьев керентурадица лъагIел цебеккунго гьабула жиндиего щоле-толелъулги, налево-направо биччазе кколелъулги мухIканаб хIисаб-суал. Официалияб бюджет отделна букIуна гьесул, теневой - отделна.

Байбихьуда, чIахIиял чIурканал хIарпаз, чIегIераб шакъиялъ бихьизабула гьес жиндирго «левий» доход.

Хадуб, дагьаб гIисинаб хьвай-хъвагIаялдалъун, къалмиде босула эбелав хIакимасухъе, ай МахIачхъалаялда вугев непосредственни начальникасухъе щвезабизе кколеб напакъадул къадар.

Цинги гIисинаб, цIороберал ранигицин бихьулареб хатIалъ хъван «нахъе лъола» силовой органаз, ревизораз, казначеяз, финоотделалъ тIалаб гьабизе бегьулеб сумма.

Ахиралда, цо гьитIинаб бихъараб тIанчида чиркнут гьабун тола бакIалъулал хIакимзабазе кколеб пай. Амма бакIалъулал гьас гьедигIанго реэдуларо - ракI бани баккула гьезие бюджеталдаса магъарич, бачIони – гIантаб, ххвелги гьабун, вахча-хьван чIола. ЦIакъго гьел хадур лъугьинегIан, ай согIаб нажим гьабизегIан…

Цо рагIудалъун абуни, бикъа-хъамиялъул унго-унгояв устар вуго гражданин Хапугаев. Гьединав профессионалгун «хIалтIизе» приятно букIуна.

Явно ццим бахъинабула, байбихьуда щибго мунагь гьечIел малаикзабилъун хIалел, амма гъеж гурун ниж гъорлъе лъугьингун, ай бикъа-хъамиялде нуцIа къиригун, нижее ЦIурмиловасул макънал рачине журалел нухмалъулез.

ПалхIасил, гьалмагъ писател, бикъуларев, хъамуларев, хIукуматалъул буголъиялда кIутIуларев кIиго чи вуго Россиялда - Путинги Патхулаевги. ХутIарал чиновниказ, врачасдаса байбихьун судиясде щвезегIан, щвараб жоялда «къвал» бала. Масштаб, къагIидаби, нухал батIи - батIиял ратаниги, унти цо буго улкаялдаго. Бикъарав вакъулин абураб чIандаги некIого архивалде рехана- тIоцебе милицаз, хадуб прокурораз, ахиралда судияз.

## Бахьикъосарал кицаби

***Кьили лъунилан,г1орц1мадул чу лъугьинаро,чангит банилан х1амил г1орц1ен лъугьунаро.**

***Рицatазе-т1орахь,т1ереназе- риди**

КЪВАРИДАБ САРИН

# ТИ МИНЕ МАНА!

Ревизорас бицараб калам кинабго халкъалъги ритIухъ гьабуна.

Нижеца суал кьурав щивав кIиабилес ракIчIезабулеб букIана жакъасеб системаялда «за красивые глаза» иш тIубалев чиновник гьечIолъиялда. «Я – тибе мана, ти – мине мана», ай «Ма- дуе, ма- дие!» - батIияб аргумент гьечIила.

Хабар цIакъго халат гьабичIого, рехсолел руго цо-цо тарихал.

**Сахав чиясул инвалид гьавизе ккани,** хIажалъулеб рагIула:

**Лъимер бугони** ва тIоцебесеб нухалъ инвалидность чIезабулеб бугони, гIезегIан солидний сумма гIодоб лъезе ккола - гIага-шагарго- 80-90 тысяч.

**Повторно** гьабунани - босулел чагIи дагьалго «бусурманлъулел» , ай расценкаби 35- 40 азарго гъурущалъ гьоркье рачIунел рагIула.

**БачIинахъего и навсегда гьабизе,** гьай-гьай, захIматаб бугила, амма кIолила, кьолеб сторонаялъ накку гIадин мани-мани баккизабуни.

Къадар бахчун толеб буго, ракI тамахав чи гьелго тохтурзабахъе ккелилан хIинкъун.

**Выпискаялъул** хIамил гIадинаб жиндирго чIараб бащьа бугила - I5 азарго гъурущ.

Лъимадуй инвалидность чIезабулаго, кьезе кколеб гIарцул гIаммаб къадаралдаса бехе кьезе кколеб рагIула I5 азарго гъурущ , нилъерго гьаниб - 40 азарго **(горность тIаде бахъулеб батилаха),** Шамилхъалаялда ,окончателни точка лъезе - 25-30 азарго.

Гьелдаса хадуб кигIан сахабги лъимадул лъугьуна законченный инвалид.

ЧIахIиязулги рагIула почти гьебго система, амма расценкаби дагьал батIиял ругила.

Халат гьабун щай, ВТЭкалде гъурщал раккани, рокъоб бугебщинаб рухIчIаголъиялъе пенсия щолила. Даже гIанкIу-хIелекоялъецин, дагьа-макъалго рекъдулел ругони. Дир некIсияв гьудул Зилоса Къурбанил цIаракиялда цIулал гъурщал щолареб щурулеб жо гьечIо.

**Пенсионнияб фондалдаги** рагIула «гIумру гьабиялъул» цо чанго къагIида.

ТIоцебесеб ва бищунго санагIатаб пашманаб машгьурлъи щвараб **материнский капиталалда са** гъурщал къунцIи. ЦохIо Болъихъ гуро гьеб жо - «Голодныясул» тIолабго ситемаялда.

Маткапитал хекко щвезе ккани, «талихIав» родитель навсегда ватIалъизе кколев рагIула 15 проценталдаса...

РукIинчIел соналги стажалъе хъван, гьечIебго бакIалдаса **пенсия хьезе боржинабизе ккани,** дур чвантиниб букIине кколеб рагIула, капек тIаса камичIого, гургинаб 50 азарго гъурущ.

Жал цогидакьа батIаго къурал, къадаралищилан ккараб къагIида, **садиказдацин** тIегьазе байбихьун бугила рищватчилъи. РакI кьвагьун хваниги босуларила дур гьитIинкIаб рижи жидерго «режималде» – я 5 азарго гъурущ кьечIого, яги кьвараpав хIакимасул къучIаб рекомендация гьечIого.

**Школаздаги** баккана, бер ккечIого букIине, жиндир эбел хваяб ЕГЭ.

Масала, интернеталдаса киналго жавабалги хIадурун, бехеса БолъихъетIубараб задание битIун бачIани, дуца кьезе кколеб рагIула азарго доллар.

Гьеб мехалъ мун векеризе кколарила лъай бугев мугIалим цIехезеги, интернеталда яги тIахьазда хьирщаризеги, записками хъвазеги, телефоналдаса хирияб рижигун переговорал гьаризеги.

Жидер бюджеталда азарго долларги гьечIел, дагьа-макъал рекерахъди пизкультуралъунги рикIкIунел родителазул мурад МахIачхъалаялдаса вачIарав напакъачиясги, тьфу… «кураторасги» тIубалила. ТIолазго аза - азар гъурущги бакIарун, гьесул кодобе берцинаб конверт кьуни.

Байбихьуда школалъул азбаралде гIадан-чи къазе теларилан, «аздагьо» хIалев куратор- керентурадилги, конверт кодобе ккарабго, кутакалда хIеренав, хIалимав гьобол лъугьунила...

**Зеленкаялъухъги** рагIула -I5 тысяч.

**Военкоматалда** гьава-бакъ дагьабго роцIцIун рагIула цо пуланав прапорщик «доброволна» - принудителна пенсиялде витIаралдаса.

ХIакъикъаталдаги, босулеб-толелъулъ тамашаяб тишина буго нижер мадугьалзабазул къавуда. Билетазул торгалги церего рахана рагъухъабаз.

Бугониги, бакI-бакIалда бицунеб рагIула **(ХIежалде унеб призывной молодежалдаса)** цо кинабалиго справкаялъухъ I0 тыще босулеб бугилан. МухIканал баянал щвезаризе кIвечIо, щиб справка гьебали гьедигIан хирияб.

Нагагь рес къотIун, къо бухIун, **Азарханаялде** лечениялде ккани, тIабибазги лъола нилъ битIахъе тIомода. Азаралда щунусгоялдаса гьоркье рагIуларо гIадатиябгицин операция. Вегизавиялъухъ, ай койкаялъухъ росулел «капкал» малълъичIого.

**Судебний приставаз** хIалтIизабулеб рагIула ракIчIараб система- пидиса на пидиса. Ай гIакIадул бащдаб къадар кьурабго, хутIараб бащалъи «жибго жиндаго» тIагIунеб рагIула, щибго лъалкI гьечIого, ралъдалъ рехараб чIимих гIадин.

**Тендеразул** система дагьабго хисун , ай откат I5 проценталде бахун рагIула. Цебе I0 букIана, точнее дицаго I0 процент гурони кьун букIинчIо, редакциялда «цIияб болъо лъезе» тендер щвaралъухъ. ТIокIаб дида тендерги бихьичIо, бихьизеги батиларо. ЧIегIераб сияхIалде восун ватиларищха, неплатежоспособный «партнер» хIисабалда.

Дидагони ккола дир рокъобе бачIине бегьулеб левый «баракат» гьаб баркат бахьаяб ва къваригIел гьечIелщинал жал хъвалеб «къалмица» гьукъулеб батилин...

Бищунго цIикIкIараб рищват рагIула, рищватазде данде къеркьезе тарал, **органазда.**

Прокурорасул кумекчилъун яги следственный комитеталде следовательлъун лъугьине ккани, кисиниб как минимум полтора «лимона» букIине кколеб рагIула. Гурони, гудбай Америка, с тобой и разговаривать не станут.

Гьебгощинаб жоги кьун, органалгIаги щайилан ракIалде кколел валимахIал гражданазда лъан букIине абун телин: миллион кьун вачIарав «законалъул хьаравулас» лъагIел свериледе ккезабула чвантинибе чанго миллион. Божуларев жаниве ине бегьула, цо гьитIинабго хатIаги гьабун - лъахъван уна дур тIолабго малк-мулк къватIиве вачIине ккани.

Дида лъала цо судья жеги гIадамасда гьаб пуланаб сумма жиндир сумкиниб ккезабеян абичIев. Назру гьабун, «доброволна» кьураб жоги босула, кьечIесда зулму-хIалги гьабуларо.

Амма гьединал чагIи къад чирахъ баканиги ратизе захIмат буго судебни системаялда. **«Ты, дорогой «зек», гони мне бабло в долларовом эквиваленте, а я тебе подарю Свободу»,** - гьеле эбелаб ахIи дунялалдаго бищун гурхIел - рахIму цIикIкIарал нилъер диванчагIазул.

ЧIамучI гьабун щибилеб – щвараб жо босуларев чи гIабдал вугин абураб логикаялда рекъон хIалтIулел чиновникалги руго, гьезде бугеб гьалагаб цщин чучизе багьана щоларого гIадатияб халкъги буго жакъа. АхIвал - хIал хисизабизе, ритIухълъи тIалаб гьабизе кIолев цониги чиги гьечIо ракьалда, тIасан БетIергьанас ритIизаруни гурони.

Аллагь гурхIаги босулездаги, кьолездаги, кьечIого рорчIилародайилан ракIалде кколел пуланаздаги. Аминь!

---

**Бахьикъосараб словарь:**

*ВТЭК- врачи только этим кормятся.

*Яги цим бахъарав маг1арулас абулеб ВТЭКК- валлагьги теч1о эмехвадаз капек кодоб.

---

ЦIиял-басриял цIарал

## АДАМ АВАРАСУЛ ТЕЛЕ-ДЕБЮТ

Ноябралъул ахиралда, холеб гIажалгIанги ракIалда гьечIого, балъхъадерил хьахIилал экраназда баккун бачIана цо лъикI лъалев чиясул, михъилъа гьимулеб куц.

Гьев вугоан цIияв- басрияв телеведущий МухIамадрасул ГъазимухIамадов (халкъалда гьоркьов - Адам Аварав).

Узкий кругалда гурони лъаларел гIиллабазе гIоло эфиралдаса ватIа гьавун вукIарав журналист М.- Расул цIидасан вуссана «инсул свериялде», ай Болъихъ ТВКялде.

ТIоцебесеб передачаги бугоан кутакалда къиматаб темаялда - Улбузул кьоялда хурхараб.

Эфиралъухъ урхьун вукIараб куцха, гьира- шавкъалда, щибаб рагIул махражги гьабун, байбихьана гьес жиндирго цевевахьин.

Хасго бокьана районалъул бетIерав удаман Патхулаевас улбуздехун гьабураб поздравление-хитIаб.

Халкъияв поэт Пушкинцин бахиллъилаан шефасул цIаралдасан М-Расулица цIалараб баркиялъул чвахун бачIиялдаги рагIабазул херхиналдаги. Дунялалдаго машгьурав лирик Сергей Есенин просто отдыхает!

А так дебют лъикIаб букIана.

Районалъул нухмалъулезул рекIелги чорхолги гIаммаб хIал борцунеб «телебарометралъул» бакIалда телезритезда бихьана магIарул мацIалда гьабураб чIагояб Телепередача.

Хадур гIемерлъаги!

КIиго мухъ михъазул рахъальги.

ГIумру театралда арав артистасе цо дагьабго михъазул кваклвал букIанилан ккана дидаго.

Вавпервих, дагьалго хьахIлъун ругоан эмехвадил «меседил» расал.

Вавтарих, къунцIичIого, къачIа-кIатIачIого теялъ батилаха, михъаз гьоркьоб - цебе тIубанго бахчулеб букIана М-Расулил гьайбатаб гьими.

Амма михъилъа гьимунги гьевги чIолев вукIинчIо. Публикаялъе цIидаса вокьизе ккани, гургур гIадин щцурун вукIине бегьилищха телерепортер?!.

Но, ничего, кIваричIо, гьеб кIочараб бихьугеги. Михъал, цIакъго рес къотIани, къунцIизе - кIкIвазе бегьила, амма, гIадамазе бокьулеб, гьел урхьун чIараб передача гьабизе ккани, гIемераб гIетI тIезе ккола.

Каламалъе пасихIлъи, пероялъе - бегIерлъи дуе, Адам Аварав!

# КЕРОСИНАЛЪУЛ МАХI ЧIВАЗЕХЪИН БУГО....

МацIихъабазул, даражаялда гуреб, дагъаб эхедегIан, ай «госуровеналда» баккана соцзащитаялъул шеф, нижер мадугьал ва гьудул-гьалмагъ АхIмадрасул хIалтIудаса хъущтIизавулев вугилан абураб, весьма рокьухъаб хабар.

Официалияб версия цо буго - рехсараб конторалда тIобитIараб халгьабиялъ лъикIаланго гIунгутIаби тIатинарун ругила ва тIомгIанасеб протокол бегун бугила Баглиев абурав чиясул, ай министрасул столалда тIад..

Буго батIияб, хIукуматалъе данде кколареб версияги.

Дагъаб цебегIан администрациялда букIараб иргадулаб данделъиялда УСЗНалъул шефас вохахинлъун бицана рагъул гIахьалчагIазул къоролзабазе жанир чIезе рукъзал росизе сертификатал рачIун ругила рехеса ва гьел рикьизе, бачун телевидениегун, жал цо чанго росулъе ине ругилан.

Бихьулищха, пакъирасе балагьалъе ургъарал жал рукIун руго гьел-щибаб сертификаталдаса саламатаб «мани-мани» баккизе кколин лъазабун буго эбелал хIакимзабаз нилъер гьитIинав хIакимасда.

Лъица гьединаб сурукъаб буюрухъ персанална къурабали гьайнаро, амма АхIмадрасулица строго лъазабун рагIула къоролзабазул шагьи-параялда жинца килищ кIутIизе гьечIилан.

Килищ кIутIичIони, жидеца дурги хIур кIутIилин лъазабун батиларищха тIасанги.

ТIокIаб тIаде лъалеб жо пока гьечIо.

Харбал руго , гьединго, Гъунивги,Гумбеталдаги, цоги цо чанго районалдаги соцначальникIал хIалтIудаса ратIа гьарун ругилан.

Гьениве соцхIакимлъун ине бокьарав гражданин вугони,гIарзаги гIурус гIарцул миллионгун бащдабги щвезабизе кколеб рагIула МахIачил хъалаялде.. Лъихъе ва щай гьедигIан щулияб сумма щвезабизе кколебали лъалев чи гьечIоан гьаниса гIебеде. Лъаниги бицунарого ратизеги бегьула. А вдруг пачалихъалда бугьтан лъунинги абун, вачун жанив лъезеги бегьулелъулха. Цинги къватIив цIазе кканиги данде гьабизе ккела саламатаб суммалъагIел рикIкIун «лимон» бугилан букIана некIого бицен. Такса борхун батизеги бегьула гьал ахирал соназда. БатIаго судебно-следственний органаздайищ инфляция гьечIого букIинеб?! Гьелги гьаваялда жить гьарулел чагIи гурелъулха.

Нилъехъе щивха вачIине бегьулев, нагагь нижер соседасул,ай АхIмадрасулил суал бигъани?

ГIурусаз абухъе- угадайте с трех раз!

Правильно! Шарапулаевич вачIине рагIула, ДРялъул юстициялъул министрасул кваранаб квер, кидаялиго вукIарав депутат, начальник ПУЖКХ ва гь.ц.

Гьевги бегьуларев вас гуро - гьабизеги лъалев квинеги лъалев. Гьаб заманалда рекъарав, абухъего, ишалъулав чи. Жиндиего гьабуларес гIадамазеги гьабуларелъулха.

Балагьун чIелин кIиабилеб сериялъ***ухъ.***

***«Бахьикъосараб» хадурагIи.***

***РитIухълъана нижер прогноз- рузман къоялъ вачIун гIодов чIана чIухIараб столалда нахъа цIияв соцхIаким.***

***Гьабизе лъарасе квасул,кваназе лъарасе нахул дуняллъидал , буха- буцIе , дир гьудул ХIажияв!***

***Баркизе пока ранобольничныялда АхIмад-Расулги рагIула, гьев сахлъун тIад вуссани, буюрухъ бихъизе ккеладайин сородулев социнистрги рагIула.Судалъулги баккана цо рекIкIаб хабар.***

***Цо рагIудалъун абуни, гьеб ишалдаса керосиналъул квешаб махI чIвазехъин буго.***

---

Бахьикъосарал суалал…

## ТУАЛЕТАЛЪЕ ТЕНДЕР КИДА ЛЪАЗАБИЛЕБ?

***Суал:***

***Ле, бахьикъосал! Нужер пикруялда чан депутат вугев Болъихъ парламенталда районалъул эбелал хIакимзабаздасан жидее тендер щвечIев?***

***Щайха гьезда гьоркьоса цонигиясда ракIалде щолареб райцентралдагун Микрорайоналда кIиго гьитIинкIабниги туалет базе?***

***Жаваб:***

Тендер щвей- щунгутIиялъул рахъалъ суал буго гIорхъолъа борчIун наивний. Гьединаб суал кьезе гIицIго валимахIав чи гурони лъугьинаро. Кинида бущараб лъимадацин лъала гьанжесел депутатал тендераз, подрядаз хьихьарал чагIи рукIин. Тендер гьечIони, гьев чи депутатищ вукIунев?

БетIер чIахъаяв бетIер вищулел рищиязда депутатас гьаракь сундуе гIоло гьесие кьолеб?Совершенно битIараб - щуго сонида гьоркьоб цо чанго нухалъ депутатасе бетIерас бюджеталдаса «гьобо базе» участок кьезе щулияб къотIи - къайгун.

Яги рищиял гьукъараб хIукмуйищ Путинханас Думаялде битIараб?

Ширухан ХIажимурадов абурав поэтмахIав политикасул руго гьадинал кочIол мухъал:

Балагье нуж квегIире,
Балагье кваранире,
КигIан гIемерал ругел
Жакъа нилъ дунялалда.
Имеется ввиду аварцал.

Нижецани гьадин хисилаан Шируханасул «шедевр»:

Балагье нуж квегIире,
Балагье кваранире,
КигIан гIемерал ругел
Жакъа Болъихъ объектал…

ХIакъикъаталдаги, нужго балагьеха сверухъе - бухъичIеб, биххичIеб, базе байбихьичIеб бакIищ тун бугеб Тендербегаз районалъул территориялда.

Спортзалалила, садикалила, водопроводалила, газопроводалила.

ПалхIасил, всемирная депутатская стройка.

Амма райцентралда бищун хIажатаб цо объект, ай туалет базе «кIолев» чи вахъунев гьечIо.

Туалеталъе тендер щванилан щивха вохилев? Криминалияб жаргоналда абухъе, «западло» букIинарищ саламатав депутатасе яги муниципалияв бетIерасе туалеталъул тендералда квалквадизе. Люди не поймут.

Зато гIадамазе «западло» гьечIо, цо эбелав хIакимас абухъе, палугьаби гIадин цояб бохалдаги чIун, бецIаб, чорокаб, махIцараб хIажатханалъур «гьунарал» гьаризе.

Кидадай ваккила депутатский корпусалда гьоркьов «понятие» гьечIев халкъалъул вакил, халкъалъе райцентралда санагIатаб ХIажат-Хан базе кIолев?

---

## Ихдаде букIина кI-у-удияб концерт!

***ГIурус паччаясулгун дандчIваялда,***
***Дагъистаналъе гIарац хIажат гьечIилан***
***Рамазан ГIабдулатIипов хъитIун чIедал,***
***халкъалъухъ ракI унтун хъварал мухъал***

Рихана Халатас Белый Домалда
Путиний нечадго бачараб далил:
Дагъистан хьихьанин, сах гьабичIого,
ГIарац хIажат гьечIин, тIокIаб кьогейин

Дотацияздеги нуцIа рахайин,
Бикъулин, щоларин щибго халкъалъе,
Хасго тендеразда «табу» лъун тейин,
Цого чвантинибе чвахулин «чабах»…

Путин паччаясги пирказ биччана,
Ни черта кьогейин Дагъистаналъе:
Дадил жаваб даим гIоркь ккурас кьелин,
Жив Рамазанида божанин гьанже

Гьев гIадинав честный чиновникасе
Жинца рухIги кьелин, гIарцул бакIалда,
ВижичIин жегиги мугIрузда вали
Валютаялдаса инкар гьабулев.

НекIо Валетаца, квер битIанани,
Гъежго тIолаанин, тIаса лъугьайин,
ТIокIаб выход гьечIин, халкъ бакъун бугин,
Жидейго жо гьарун рачIарал гьечIин…

«Дедица» хапараб халкъалъе гIечIин,
Гьелъ тIадеги тIалаб гьабулеб бугин,
Бикъаралда баркат букIунарелъул.
НекIого тIагIанин тIагIамаб пирог…

Амма Паччаясул сихIираб калам
Киназего гуро рекIее гIураб,
Рамазанги гьанив валилъун гурев,
Варяглъун рикIкIана, гъурщал гьукъарав

Гьеб цIакъ загьирлъана замана индал,
Инсул свериялде ХIажикI вуссиндал,
Хизригун Хархаров цере раккидал,
Долго ханыгаби ханлъуда тедал

Пенсиял кватIидал, харжал дагьлъидал,
Дефицит бахидал миллиардазде,
Бюджет мискинлъидал, долгал цIикIкIиндал,
Дадил гIоркь кквезеги дурцал лъугьиндал…

ГIумру хъарцинлъидал Дагъистаналда,
Чара - ияхI хведал чиновниказул,
Чвахулел гIарцазде ругьунал «хухаз»
Хасел бахъиялда божилъи хведал ,

«Россия»- гIакдада хахулел бачал,
Ричун унаредухъ, хIалакълъун ккедал,
ХIарамаб кванарал квешал бугъбузул
Зурзури баккидал гIатI дагьлъанилан...

Дагьабги кватIани кумек гьанибе,
Квине вуго хором халкъалъ Рамазан,
Хасел борчIун ккани , ками гьечIого
Ихдаде букIина кI-у-удияб концерт!

# ЗАКЛЮЧЕНИЕ

**о результатах проведения публичных слушаний**

16 декабря 2013г. с.Ботлих

**Инициатор публичных слушаний: Глава МР «Ботлихский район».**

**Публичные слушания назначены: постановлением главы МР «Ботлихский район» от 25.11.2013г. № 25.**

**Вопрос публичных слушаний: Проект бюджета МР «Ботлихский район» на 2014 год и на плановый период 2015-2016 годов, опубликован в районной газете «Дружба» от 29.11.2013г. №83-87.**

**Сведения об опубликовании или обнародовании информации о публичных слушаниях:**

**Информация о проведении публичных слушаний опубликована в районной газете «Дружба» от 3.12.2013года № 88-89.**

**Уполномоченный орган по проведению публичных слушаний: Комиссия по проведению публичных слушаний по проекту бюджета МР «Ботлихский район» на 2014 год и на плановый период 2015-2016 годов.**

| Проект правового акта или вопросы, вынесенные на обсуждение | | Предложения и рекомендации экспертов и участников | | Предложения, рекомендации внесены (поддержаны) | Примечание |
|---|---|---|---|---|---|
| № п/п | Наименование проекта или формулировка вопроса | № п/п | Текст предложения, рекомендации | Ф.И.О. эксперта, участника, название организации | |
| 1. | Проект бюджета МР «Ботлихский район» на 2014 год и на плановый период 2015-2016 годов | 1.1. | Предусмотреть финансирование расходов по водоотведению в местности «Одинчо» с.Ботлих | Участник Набиев М.Л.– житель с. Ботлих. Эксперт Муслимов З.М. | |
| | | 1.2. | Предусмотреть необходимые средства на приобретение оргтехники, мебели, командировочные расходы, курсы повышения квалификации работников ЦБС, а также на проведение мероприятий и конкурсов. | Участник Измаилов М.Ч.- директор ЦБС Эксперт Муслимов З.М. | |
| | | 1.3. | Предусмотреть финансовые средства для замены деревянного пола (100 м2) верхнего правого крыла Ортаколинской СОШ и строительства санузла (туалет). | Участник Лабазанов Л.М. - зам. директора Ортаколинской СОШ Эксперт Муслимов З.М. | |
| | | 1.4. | Продолжить финансирование из районного бюджета расходов для завершения строительства 7 спортзалов начатых в прошлых годах. | Участник Омаров М.А. – начальник отдела строительства, транспорта и электро-газоснабжения АМР «Ботлихский район» Эксперт Муслимов З.М. | |
| | | 1.5. | Продолжить в 2014 году финансирование из районного бюджета расходов по проведению Молодежного форума «Дети - гор». | Участник Гамзатов Р.С. – руководитель аппарата АМР «Ботлихский район» Эксперт Муслимов З.М. | |
| | | 1.6. | Предусмотреть в районном бюджете муниципального района «Ботлихский район» на следующий год финансовые средства на утилизацию твердых бытовых и промышленных отходов. | Участник Хайбулаев Х.А. – начальник отдела по УМИ и З АМР «Ботлихский район». Эксперт Муслимов З.М. | |

**Предложение комиссии: Поддержать все представленные участниками публичных слушаний предложения и предусмотреть в бюджете МР «Ботлихский район» на 2014 год и на плановый период 2015-2016 годов финансовые средства, необходимые для их реализации.**

**Председатель комиссии М. Омаров**

## РагIи - лицеялъул директорасе

# ГIУН РАЧIУНЕЛ ГIЕЛАЗЕ ТАРБИЯ КЬЕЙ - ГIАММАБ МАСЪАЛА

*(Байбихьи 1-себ гьум.)*

Гьединго, Россия бихxи мурадалъулаб тайпаялъ, добго интернеталдасан нилъер гIолилазе пропаганда гьабулеб буго терроризмалъулги.

Берцин бихьизабулеб буго нилъер гIакълуял ва бахIарчиял умумузул гIадатаздеги гIамалалдеги дандкколареб къагIидаялда бертаби гьариги, шагьаразул къватIахъгун жамгIиял бакIазда, сверухълъиялъулго рахIат хвезабун музыкагун кьурдаби гьариги, гьенир тунчул кьвагьиги, батIаго чияр шагьараздаги бакIаздаги.

Гьединаб хIалалъул гьаб заманалда гIун рачIунел гIелазе, нилъерго гIакъилал ва бахIарчиял умумузул хасиятазул рухIалда нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялъул кIварги жавабчилъиги гIемерго цIикIкIун буго. Гьеб лъугьун буго цого школалъул гуребги, эбел-инсулги, росабазул администрациязулги, культучреждениязулги, ветераназулал гIуцIалабазулги ва тIолабго общественностъалъулги гIаммаб жавабияб масъалалъун.

Кинха тIубазабулеб бугеб гьеб масъала нижер ГIалахъ росдал лицеялда?

Районалъул цогидал росабазул школазго гIадин, нижецаги пайда босулеб буго Дагъистаналъулги районалъулги таварихазда жанир цIар рагIарал бахIарчиял хъизаназдасанги, нилъер умумузухъанго щварал лъикIал гIадатаздасанги, гьезул бахIарчиял ишаздасанги.

Нилъер буго бахIарчияб таварихалъул гIемермиллатазулаб республика. Нилъер районалдагицин руго батIи-батIияб диалекталда кIалъалел гIадамал. Гьедин бугониги, Дагъистаналъул ва районалъул таварихазда жаниб киданиги букIинчIо миллатазда яги росабазда гьоркьоб жахIда-хIусудни щибан дандеккунгутIабигицин. Гьелъул гIаксалда, кидаго машгьураб букIана ва буго миллатазул гьункиялдалъунги, цоцаде бугеб рокьи-хинлъиялдалъунги, цадахъ рекъон иш гьабиялдалъунги. Дагъистаниязги ва гьездаго цадахъ нилъер районалъулазги гьеб бихьизабуна Дагъистаналъул хIурматиял ракьал рахъизе вачIун вукIарав персазул рекъав Тимурил рикIкIен гIемерал боял щущахъ риххизариялдалъунги, 1941-1945 соназул КIудияб ВатIанияб рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялдалъунги ва 1999 соналъул августалда нилъер гIорхъаби рахун жанир рачIарал, щокърокье щвезегIан яргъид гIуцIарал халкъазда гьоркьосел хъачагъал хIакъир гьарун нахъе кьотIиялдалъунги.

Зама-заманалда лицеялда тIоритIулел цIалдохъабазулги рагъулгун захIматалъул ветераназулги дандчIваязда гIатIидго бицуна гьеб бахIарчилъиялъулги, дагъистаниязул гьункиялъулги, бичи гьечIеб вацлъиялъулабгун гьудуллъиялъул хIакъалъулъги.

Гьединго гIун бачIунеб гIелалъе рухIиябгун нравственнияб тарбия кьеялъулал тадбиразде зама-заманалда ахIула росдал дибирги ва цогидал диниял церехъабиги. Гьез гьенир гьарула лъикIа-лъикIал кантIизариялъулал вагIза-насихIатал. Абила, гьезги лъикIаб хIасил кьолеб бугилан.

ГIун бачIунеб гIелалъе рухIиялгун нравственниял бечелъабазул ва патриотикияб рухIалда тарбия кьеялъе батIаго лъикIаб квербакъи гьабулеб буго лицеялда гIуцIун бугеб таварихазулаб музеялъги, гьеб темаялдаса тIоритIулел ругел кружоказги, АхIул-гохI гIадал, Дагъистаналъул бахIарчияб таварихалъул хIурматиял бакIазде тIоритIулел экскурсиялъулал сапаразги. Музеялда руго берцинго къачIарал «Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо» абураб гIаммаб бетIералда гьоркь ругел стендал. Гьениб бицунеб ва бихьизабулеб буго росдал тарихалъул, росдал гIадамазул рагъулабгун захIматалъулаб хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ. Бицунеб буго 1941-1945 соназул КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъ, гьелдаго цадахъ дагъистаниязги, бихьизабураб рагъулабгун захIматалъулаб бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ.

Школалда гIадатлъун лъугьун буго призывникалгун дандчIваял гьари, гьел рохалилаб къагIидаялда рагъулаб хъулухъалде тIоритIи, насихIаталъулал кIалъаял гьари.

КIудияб ВатIанияб рагъда советхалкъалъ босараб КIудияб Бергьенлъи кIодо гьабиялда бан гьарула батIи-батIиял тадбирал. Гьединалго тадбирал гьарула 1999 соналъул августалъулаб лъугьа-бахъиналда ва 23 февралалда хурхунги.

Амма мукIурлъизе кколев вуго, нижеца тIоритIулел гьединал тадбиразулъ эбел-инсуца гьабулеб гIахьаллъи цIакъго загIипаб букIиналъе.

Ноябралъул ахиралда рузманалда вагIза гьабулаго Болъихъ росдал дибир ГIумарица абуна:-Эбел-инсуца кинаб бугониги хIалтIи гьабулеб гьечIо жиде-жидер лъималазе рухIияб тарбия кьеялъул рахъалъ. Гьелдалъун, лъималазда цебе жидерго фаризаяб налъи тIубазабуларел гьез лъималаздаги обществоялдаги цебе гуребги, жаваб кьезе ккезе буго Аллагьасда цебеги,-ян.

КигIанги битIараб жо абулеб буго балъхъадерил имамас!

Эбел-инсуца битIизабизе ккола лъималазе рухIияб тарбия кьеялде жидерго жавабчилъи гьечIеб бербалагьи. Гурони, гьелъ квешлъиялде гурони лъикIлъиялде рачунаро.

Гьеб хIалтIи хIасил кьолеблъун букIине ккани, гьеб букIине ккола школаги, эбел-эменалги, росабазул культураялъул идарабиги ва тIолабго обществоги цадахъ лъугьун гьабулеблъун.

**М. ХIАЖИЕВ,**
***ГIалахъ росдал лицеялъул директор.***

## КОЛОНКА ПРОКУРОРА

Оплата коммунальных услуг для жителей, не установивших приборы учета, будет поэтапно увеличена

Правительством России с 1 января 2015 года вводятся поэтапно повышаемые коэффициенты платы за коммунальные услуги с целью стимулирования установки приборов учета коммунальных ресурсов.
Коэффициенты будут увеличиваться на 10% каждые полгода и достигнут своего максимума к январю 2017 года – 60%.
Средства, полученные в качестве разницы при расчете размера оплаты за коммунальные услуги с применением повышающих коэффициентов, будут направлены на повышение энергосбережения.
Коммунальщики наделены правом устанавливать количество граждан, проживающих (в том числе временно) в занимаемом потребителем жилом помещении, в случае, если жилое помещение не оборудовано индивидуальными или общими приборами учета холодной, горячей воды, электрической энергии и газа, и составлять акт об установлении количества таких граждан.
Указанный акт в течение трех дней со дня его составления должен направляться исполнителем в органы внутренних дел и миграционную службу.
Кроме того, установлено право, а не обязанность потребителя, имеющего индивидуальный, общий (квартирный) или комнатный прибор учета, ежемесячно снимать его показания и передавать полученные показания исполнителю или уполномоченному им лицу не позднее даты, установленной договором, содержащим положения о предоставлении коммунальных услуг.

Начало действия документа, устанавливающего такой порядок определения нормативов потребления ЖКУ, (за исключением отдельных положений) – 27 апреля 2013 года.

***Зам. прокурора района***
**Д.ДЖАБРАИЛОВ**

# БЕРГЬЕНЛЪИГУН ТIАД РУССАНА

Буйнакск шагьаралда 10-15 декабралъ тIобитIана 2000-2001 соназ гьарурал лъималазда гьоркьоб боксалъул рахъалъ 10-абилеб республикаялъулаб турнир. Дагъистаналъул гIемерисел шагьаразул ва районазул тIаса рищарал командабаз гIахьаллъи гьабураб гьеб турниралда нилъер районалдаса 10 спортсменги вахъана рингалде. Турниралда гIахьаллъана кинавниги 160 боксер.

Гьелгощинал спортсменал рингалде рахъараб турниралда бигьаяб иш гуро гIисинал спортсменазе жидерго махщелги гьунарги бихьизабизе. Амма нилъер боксерал хIинкъичIого, рихxичIого, бергьенлъиялде кIудияб гьирагун рахъана рингалде. ЗахIматал ва хIалуцарал къецазулъ дандизда тIад бергьенлъиги босун гьезул анлъгояв вахана пьедесталалде. ТIоцересел бакIал ккуна 32,5 кг. цIайиялда Ибрагьимов Жамалица (Болъихъ-Микрорпайон), 36 кг.-



ХIамзуев Жамалица (Болъихъ-Микрорайон), 37 кг.-Къурбанов МухIамадица (АнсалтIа).

Болъихъа ГIабдулаев Расулица 46 кг. цIайиялда ккуна кIиабилеб бакI ва лъабабилел бакIал ккуна 35,5 кг.-ХIамзуев ГIумаханица (Болъихъ-Микрорайон) ва 44,5 кг.-Ражабдибиров ХIажимурадица (Болъихъ).

Гьеб турниралда бергьенлъиги босун гIисинал спортсменаз лъикIаб сайгъат гьабуна жидеегоги тренер ГIашикъов Анвариеги гьаб тIаде щолеб ЦIияб соналъе.

Нилъер 4 спортсменасе гьаб нухалъ биччанте битIккечIого букIине. КватIичIого гьебго Буйнакскиялда рукIине руго гьеб гIелалъул лъималазда гьоркьор зоналиял къецал, хадубго-Дагъистаналъул чемпионатги. Иншааллагь, гьенир гIахьаллъарал нилъер киналго спортсменазул бергьенлъабаз рохизарила нилъ.

**П. ДИБИРОВА.**

БетIерав редактор Гl. ГIумаханов